

# Kisa yon Kont Plan 529 ye?

## 529 Kisa yon Kont Plan 529 ye?

Yon Kont Plan 529 se yon kalite kont investisman ki fèt espesyalman pou **ede fanmi yo ekonomize pou edikasyon siperyè**. Lajan ki plase nan yon kont Plan 529 kapab ogmante apre yon tan. Sepandan, li pa garanti ke lajan ki plase nan yon Kont 529 pral ogmante epi li ka pèdi valè tou. NY 529 *Direct Plan* se yon plan 529 pou ekonomize pou inivèsite ke Biwo Kontwolè Eta Nouyòk (Office of the Comptroller of the State of New York) la ansanm ak Kòporasyon pou Sèvis Edikasyon Siperyè nan Nouyòk (New York Higher Education Services Corporation) la administre.



## Kisa yon Kont Bousdetid NYC ye?

Atravè Pwogram Ekonomize pou Inivèsite (Save for College Program) nan, **chak elèv ki nan jadendanfan ki enskri nan lekòl leta Vil Nouyòk yo** (sa gen ladan lekòl leta endepandan [charter schools] k ap patisipe yo) ap resevwa otomatikman yon **Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) ki gen yon montan inisyal \$100** yo depoze sou non li, sof si paran li oswa responsab legal li “chwazi pa patisipe” nan Pwogram nan. Fanmi yo ka touche jiska **\$175 fon bousdetid adisyonèl** nan kont sa a kòm rekonpans, epi kominote yo kapab kontribye lajan adisyonèl bay gwoup ki gen Kont Bousdetid NYC sa yo pou demontre kominote yo ap sipòte siksè chak timoun.



529

## Ki relasyon ki genyen ant yon Kont Bousdetid NYC ak yon Kont Plan 529?

NYC Kids RISE, yon òganizasyon ki pa gen kòm objektif pou fè pwofi, posede epi jere lajan bousdetid yo sou non elèv k ap patisipe yo, epi li investi fon sa yo nan NY 529 *Direct Plan* an. Kont Bousdetid NYC yo ka genyen oswa pèdi lajan ofiramezi tan ap pase, selon mache finansye yo ak randman investisman an. **Fon bousdetid yo investi nan yon Plan 529 pou tout elèv lekòl leta Vil Nouyòk yo ka gen yon kapital finansye pou objektif etid inivèsite ak karyè yo.** NYC Kids RISE pral bay elèv yo ansanm ak paran oswa responsab legal yo enfòmasyon sou kijan pou yo gen aksè ak Kont Bousdetid NYC yo lè elèv yo nan lekòl segondè.

*Pwogram Ekonomize pou Inivèsite (Save for College Program) NYC Kids RISE la se yon pwogram bousdetid ak epay ke NYC Kids RISE Inc., yon òganizasyon ki pa gen kòm objektif pou fè pwofi, jere nan patenarya ak Depatman Edikasyon NYC (NYC Department of Education, DOE) ak Vil New York la. NYC Kids RISE pa ni afilye avèk, ni li pa yon distribitè otorize pou, New York's 529 College Savings Program ni nonplis tou li pa solisite investisman ni founi konsèy sou investisman. Vil New York la ak Depatman Edikasyon NYC (NYC Department of Education, DOE) pa ofri okenn andòsman oswa rekòmandasyon pou, ni yo pa kontwole, posede oswa afilye avèk Jesyonè Pwogram NY 529 la ak nenpòt opsyon espesifik pou epay pou inivèsite oswa lòt mwayen investisman, ki enkli opsyon oswa mwayen ke fanmi yo gen dwa vin konnen atravè Pwogram Ekonomize pou Inivèsite (Save for College Program) nan.*



## Nan kisa lajan ki nan Kont Bousdetid NYC a investi?

Lajan ki nan Kont Bousdetid NYC a investi nan yon pòtfolyo New York 529 College Savings Program *Direct Plan* ofri nan **yon varyete aksyon, obligasyon ak investisman akoutèm** (repatisyon byen). An patikilye, NYC Kids RISE te chwazi investi Kont Bousdetid NYC yo nan Pòtfolyo ki “Sible Enskripsyon nan Inivèsite (Target Enrollment Portfolio)” NY 529 *Direct Plan* an, ki gen yon repatisyon byen investisman ki baze sou ane kote chak elèv nan klas k ap patisipe yo sipoze enskri nan yon inivèsite oswa nan yon sant fòmasyon pwofesyonèl. Repatisyon byen nan Pòtfolyo ki Sible Enskripsyon nan Inivèsite yo otomatikman ajiste chak trimès pou vin pi konsèvatif pandan Benefisyè (Beneficiary) a (piti ou) ap apwoche l de gradyasyon l. Kont Bousdetid NYC yo ka genyen oswa pèdi lajan ofiramezi tan ap pase, selon mache finansye yo ak randman investisman an. Lè w aktive Kont Bousdetid NYC piti ou a epi w ap gade kont yo nan Siveyans Epay la, ou ka wè lajan ki nan kont lan ogmante e diminye.



## Kijan yo ka itilize lajan ki nan Kont Bousdetid NYC a?

Lajan ki sou Kont Bousdetid NYC a investi nan NY 529 *Direct Plan*. Lajan an ka itilize pou yon varyete **depans pou edikasyon siperyè ki kalifye** nan enstitisyon ki kalifye yo. Enstitisyon sa yo gen ladan yo kolèj kominotè, lekòl pwofesyonèl ak teknik, pwogram aprantisaj ki elijib, ak pwogram diplòm sou entènèt—nan peyi Etazini ak aletranje. Depans ki kalifye yo gen ladan yo ekolaj, frè, liv, founiti, ak ekipman ki nesesè pou enskripsyon oswa prezans nan inivèsite oswa pwogram fòmasyon pwofesyonèl, ke souvan lòt bousdetid yo pa kouvri.



## Kisa mwen ka fè ak Kont Bousdetid NYC piti mwen an?

Fanmi yo ka resevwa rekonpans adisyonèl pou Kont Bousdetid NYC piti yo a. Twa premye rekonpans yo se poutèt yo konplete etap nou rele “3 Blòk Konstriksyon yo.” Twa etap sa yo mete fondasyon pou yon patenarya alontèm atravè Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a pou ekonomize ansanm pou avni piti ou a. Anplis \$100 inisyal la ki sou kont Bousdetid NYC piti ou a, NYC Kids RISE pral depoze yon rekonpans \$25 sou Kont Bousdetid NYC piti ou a paske li fin konplete chak grenn nan Blòk Konstriksyon sa yo:

- **Blòk Konstriksyon 1:** Aktive epi gade Kont Bousdetid NYC piti ou a sou Entènèt nan [nyckr.org/stregister-529](https://nyckr.org/stregister-529).
- **Blòk Konstriksyon 2:** Louvri epi Konekte pwòp kont epay pou inivèsite ak karyè pa w: chwazi pami de (2) opsyon ou ka konekte ak kont bousdetid piti ou a. Jwenn plis enfòmasyon: [nyckr.org/options-529](https://nyckr.org/options-529).
- **Blòk Konstriksyon 3:** Depoze \$5 pou pi piti sou kont depay ou ki konekte a pou inivèsite ak karyè.

Depi premye jou piti ou a nan klas premye ane, fanmi ki konplete toulè 3 Blòk Konstriksyon yo elijib pou rekonpans **Korespondans Depay** la. NYC Kids RISE pral mete menm valè lajan ou depoze sou kont epay pou inivèsite ak karyè ou genyen ki konekte a, dola pou dola, jiska yon maksimòm \$100. Rekonpans pou 3 Blòk Konstriksyon yo (yon total \$75) ak Korespondans Depay (\$100) yo disponib jiska klas senkyèm ane.



## Ki kote mwen ta dwe ale si mwen toujou gen kesyon?

Rele NYC Kids RISE nan 833-543-7473 oswa voye imèl pou nou nan [info@nyckidsrise.org](mailto:info@nyckidsrise.org).



[nyckr.org/faq-529](https://nyckr.org/faq-529)